



Mu gihe ibinogo vyo kwogeramwo bitanga akaryo keza ko kwidagadura, kwogera ahantu hatangenzurwa birafise ingaruka mbi. Gufata ingingo nziza, hamwe no gutegekanya na buke buke, birashobora gukinga ivyago.

## **Wame wibuka ko amazi ari ikinyeshamba:**

Imvura nyinshi, imyanda ireremba canke iri mu mazi, canke igihe kirekire c'ubushuhe n'uruzuba birashobora guhindura imigezi, bikagira ingaruka ku burebure kandi bigahindura ingene munsu y'amazi haba hameze. Wame wiyubara IMINSI YOSE mu gihe uriko uroga mu mazi asanzwe.

## **Menya ibinogo vy'amazi biteye ubwoba:**

Mu myaka iheze, gusoma nturi kwinshi kwabereye muri Huntington Gorge, Cobb Brook, Bolton Potholes, Dog's Head Falls, Saxons River, Westminster Hamilton Falls, na Newhaven River. Wiyubare cane mu gihe uriko uridagadurira muri utwo turere.

## **Raba ingene amazi n'ikirere bimeze:**

Inzuzi zasheshe n'inzuzi zirimwo umukuba zirashobora guteza ibihe bibi mu kiringo c'iminsi myinshi inyuma y'imvura nyinshi. Nimba hari imvura nyinshi iherutse kugwa, ibintu birashobora guteza akaga, naho hoba hari umunsi usa neza, haka izuba, hatekanye.

## **Itegereze hirya no hino hafi yawe:**

Iyo ugeze ku kinogo co kwogeramwo, raba imigezi. Umviriza amajwi y'amazi yiruka mu buryo butari busanzwe bumenyereye. Itegereze inzira imyanda ifata iyo iriko ireremba imanuka. Itegereze ibintu kandi ntugafate amahitamwo adakenewe.

## **Ntiwoge wenyene:**

Imwe mu mpanuro zihambaye z'umutekano n'ukwama uzana umuntu mukundana. Gusoma nturi bifata iminota mike, kandi abatabazi bihuta bashobora kuba batari hafi mu minota 15-20. Kwoga wenyene nta na rimwe ari icyumviro ciza, ariko cane cane mu mazi asanzwe.

## **Ntukigere wogera hejuru, canke munsu y'isumo:**

Imikuba y'inguvu irashobora gutwara abantu mu gihe baguyeyo canke abantu bariko baroga bagafatirwa munsu y'amazi. Irinde kwoga hejuru, canke munsu y'isumo.

## **Za uramenya neza ubushobozi bwawe:**

Igice co kwidagadura co hanze ni ugutahura aho ugeza muvyo ushoboye bwite, kandi ntukishire mu kaga canke ngo ugashiremwo abandi mu gukora ibintu utabanje kuvyitondera. Ba intungane wewe nyene ku vyerekeye inguvu zawe, ubushobozi bwawe bamwe n'intege nke zawe. Ntukishinge ivyo udashoboye, kandi ntukigere wiyumvira ko gutabara abasomye nturi vyama ari amahitamwo.